

BAB III


PADIKA PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan nu dilaksanakeun ngagunakeun pamarekan kualitatif. Moleong dina Rita Fiantika (2022, kc. 4) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham fénoména nu kaalaman ku subjék panalungtikan kayaning palaku, sawangan, motivasi, paripolah jeung lianna. Saluyu jeung pamadegan Mulyana dina Rita Fiantika (2022, kc. 4) nu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu maké métode ilmiah pikeun ngungkarakeun hiji fénoména ku cara ngadéskripsikeun data jeung fakta ngaliwatan kalimah sacara gembler kana subjék panalungtikan. Bisa dicindekkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham kana hiji fénoména. Ieu fénoména mangrupa salasahiji hal nu kaalaman ku subjék panalungtikan kayaning paripolah, sawangan, motivasi, jeung lianna nu sacara holistik didéskripsikeun dina wangun kalimah nu ngagambarkeun kaayaan.

Dina ieu panalungtikan digunakeun ogé métode déskriptif. Kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2014, kc. 3).

Desain panalungtikan nyaéta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun hiji gambaran. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun kieu.



Bagan 3. 1

Desain panalungtikan

3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Arikunto (2014, kc. 172) nétélakeun sumber data panalungtikan téh nyaéta subjék ti mana éta data dicangking. Sumber data ngawengku tilu aspék (3P), nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas (*paper*).

- 1) Jalma (*person*) nyaéta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- 2) Tempat (*place*) nyaéta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing jeung gerak. Cicing kayaning rohangan, wangun barang, warna, jeung lianna. Sedengkeun gerak kayaning aktivitas, kagiatan diajar-ngajar, gerak tari, jeung lianna.

- 3) Keretas (*paper*) nyaéta sumber data nu mangrupa tanda-tanda kayaning dokumén, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna. Tatapi, “*paper*” bisa dina wangun salian ti keretas kayaning batu, kayu, tulang, daun lontar, jeung nu lianna.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta:


- 1) Sumber data anu mangrupa jalma nyaéta inohong, nu dikolotkeun, jeung saha waé nu apal kana sajarah éta lembur.
- 2) Sumber data anu mangrupa tempat di sabudeureun éta wewengkon, kayaning kondisi alamna.
- 3) Sumber data anu mangrupa keretas kayaning sajarah ogé asal-usul ngaran lembur sacara tinulis.

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Sacara géografis wates-wates wilayah kecamatan Cariu nu ngawengku:

- a. Wates kulon: kecamatan Jonggol
- b. Wates wétan: kecamatan Pangkalan kabupatén Karawang
- c. Wates kidul: kecamatan Tanjungsari
- d. Wates kalér: kecamatan Bojongmangu kabupatén Bekasi

Dina *Peta Rupa Bumi Digital Indonesia* skala 1:25.000 wedalan Bakosurtanal wilayah kecamatan Cariu aya di beulah wétan wilayah kabupatén Bogor aya dina garis koordinat géografi antara $107^{\circ}4'42''$ – $107^{\circ}11'33''$ *Bujur Timur* jeung $6^{\circ}27'56''$ – $6^{\circ}34'40''$ *Lintang Selatan*. Sacara visualisasi bisa katitén dina gambar ieu di handap.



Gambar 3. 1

Péta administratif kecamatan Cariu

Sacara gembleng, legana kecamatan Cariu téh nyaéta 6.636,049 Ha. Saupamana diwincik dumasar éta, legana wilayah kecamatan Cariu téh bisa katitén dina ieu di handap.

Tabél 3. 1

Lega wilayah kecamatan Cariu

No	Désa	Lega Wilayah (Ha)
1	Karyamekar	808,191
2	Babakan Radén	667,880
3	Cikutamahi	1.134,400
4	Kutamekar	666,300
5	Cariu	511,500
6	Mekarwangi	382,042
7	Bantarkuning	642,170
8	Sukajadi	427,000
9	Tegalpanjang	441,000
10	Cibatutiga	945,566
Total		6.636,049

Tina legana wilayah di kecamatan Cariu kainvéntarisir aya 10 désa di jerona. Ku lantaran kawatesanan waktu jeung waragad, antukna ieu panalungtikan téh bakal leuwih museur deui maké *purposife sampling*. *Purposife sampling* nyaéta téhnik anu udaganna pikeun nyangking data anu teu didasaran ku strata, daérah, atawa sistem acak tapi nyindekel kana udagan nu tangtu (Arikunto, 2014, kc. 183).

Dina hal nu tumali jeung wilayah, opat *madzhab* (*arah mata agin*) digunakeun minangka alat pikeun nangtukeun lokasi sampel nu stratégis ti unggal désa nu aya di kecamatan Cariu. Lian ti éta ditambahan ku wilayah “tengah” sangkan *papat kalima pancer*.

Cindekna, data nu ditalungtik nyaéta toponimi ngaran kecamatanna, ngaran désana dumasar kana opat *madzhab kalima pancer*, jeung ngaran unggal lembur ti unggal désana. Leuwih écésna bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3. 2

Lembur nu ditalungtik

No	Ngaran	Keterangan
1	Cariu	Kecamatan
2	Babakan Radén	Désa
3	Tegal Kalapa	Lembur
4	Cikeling	Lembur

No	Ngaran	Keterangan
5	Kaum	Lembur
6	Babu Salam	Lembur
7	Bakan Saribin	Lembur
8	Babakan Kacepét	Lembur
9	Babakan Radén	Lembur
10	Bakan Lajiah	Lembur
11	Bakan Lajé	Lembur
12	Tegal Bénténg	Lembur
13	Bakan Jair	Lembur
14	Tegal Malaka	Lembur
15	Mekarwangi	Désa
16	Jangkar	Lembur
17	Néglasari	Lembur
18	Tegal Gebang	Lembur
19	Tegal Tipar	Lembur
20	Rawa Banténg	Lembur
21	Kopo	Lembur
22	Kutamekar	Désa
23	Leuwi Anjing	Lembur
24	Cadas Malang	Lembur
25	Palahlar	Lembur
26	Ciungkug	Lembur
27	Cikolé	Lembur
28	Cipeuteuy	Lembur
29	Cariu	Désa
30	Tegal Encong	Lembur
31	Kéwéwéng	Lembur
32	Cipeundeuy	Lembur
33	Babakan Hayam	Lembur
34	Pabuaran	Lembur
35	Tegal Salam	Lembur
36	Tegal Batu	Lembur
37	Pahaé	Lembur
38	Tegal Racak	Lembur
39	Tangulun	Lembur
40	Bangrion	Lembur
41	Bantarkuning	Désa
42	Bojongkonéng	Lembur
43	Malingping	Lembur
44	Sadang	Lembur
45	Sadanglebak	Lembur
46	Korod	Lembur
47	Naméng	Lembur

3.2.3 Narasumber

Tabél 3. 3

Data informan jeung narasumber

No	Foto	Idéntitas Narasumber
1		Wasta : Rusyana Wanda бага : Pameget Umur : 80 Padumukan : Kéwéwéng Kalungguhan : Seseupuh
2		Wasta : Ujang Kardi Wanda бага : Pameget Umur : 54 Padumukan : Tegal Kalapa Kalungguhan : Kokolot
3		Wasta : Mahpudin Wanda бага : Pameget Umur : 74 Padumukan : Cariu Kalungguhan : Seseupuh

No	Foto	Idéntitas Narasumber
4		Wasta : Uya Mulyadi Wanda бага : Pameget Umur : 73 Padumukan : Sadanglebak Kalungguhan : Pengsiunan Juru Tulis
5		Wasta : Epung Purnawan Wanda бага : Pameget Umur : 35 Padumukan : Malingping Kalungguhan : Masarakat
6		Wasta : Agus Wanda бага : Pameget Umur : 69 Padumukan : Pahaé Kalungguhan : Kokolot
7		Wasta : Mansyur Syah Wanda бага : Pameget Umur : 63 Padumukan : Jangkar Kalungguhan : Pengsiunan Lurah

No	Foto	Idéntitas Narasumber
8		Wasta : Ade Suryadi Wanda бага : Pameget Umur : 46 Padumukan : Korod Kalungguhan : Juru Tulis Desa
9		Wasta : Umar Wanda бага : Pameget Umur : 73 Padumukan : Ciungkug Kalungguhan : Seseput
10		Wasta : Umar Dani Wanda бага : Pameget Umur : 66 Padumukan : Tegal Racak Kalungguhan : Kokolot
11		Wasta : Memed Wanda бага : Pameget Umur : 80 Padumukan : Babakan Radén Kalungguhan : Seseput

No	Foto	Idéntitas Narasumber
12		Wasta : Taufik Hidayat Wanda baga : Pameget Umur : 29 Padumukan : Bakan Jair Kalungguhan : Masarakat
13		Wasta : Ulud Wanda baga : Pameget Umur : 85 Padumukan : Cipeundeuy Kalungguhan : Sesepuh

3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Pikeun tujuan panalungtikan kahontal, kudu aya prosedur/alur panalungtikan anu kudu dilaksanakeun nyaéta ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data jeung nyieun kacindekan dina ieu panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara, obsérvasi, dokuméntasi, jeung studi pustaka. Tilu téhnik éta sok disebut triangulasi. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 241) triangulasi dihartikeun salaku téhnik ngumpulkeun data nu sifatna ngahijikeun tina rupa-rupa téhnik ngumpulkeun data kayaning wawancara, obsérvasi, dokuméntasi jeung data nu geus aya. Ku lantaran téhnik triangulasi dina ngumpulkeun data, data nu dicangking leuwih konsistén, bérés,

jeung puguh. Sakumaha kamandang Patton "*can build on the strengths of each type of data collection while minimizing the weakness in any single approach*". Ku téhnik tiangulasi bakal leuwih ngaronjatkeun kakuatan data, tibatan ku hiji téhnik.

3.4.1 Wawancara

Dina prakna, wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *wawancara semi terstruktur* anu teu pati museur kana patalékan wawancara nu geus disusun, tapi ngabahas hal-hal nu aya tumalina jeung objék panalungtikan. Salian ti éta, wawancara dina ieu panalungtikan bakal kana wangun ngawangkong sangkan narasumber teu kaku jeung leuwih terbuka nalika wawancara.

3.4.2 Obsérvasi

Sutrisno Hadi dina Sugiyono (2013, kc. 145) nétélakeun yén obsérvasi mangrupa hiji prosés nu kompléks ogé kasusun tina rupa-rupa prosés biologis jeung psikologis. Dua diantaranya nyaéta prosés *pengamatan* jeung *ingatan*. Obsérvasi nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun néangan data sacara langsung ka tempat panalungtikan. Dina prakna obsérvasi nu digunakeun bakal leuwih kana *obsérvasi terus-terang tersamar*. Maksudna, nu ditalungtik apal kana ieu kagiatan panalungtikan, tapi dina sababaraha waktu panalungtik bakal samar dina kagiatan obsérvasina. Ieu hal sangkan data bisa diécéskeun ka panalungtik boh éta rusiah boh éta aib (Sugiyono, 2013, kc. 228).

3.4.3 Dokuméntasi

Dokuméntasi nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun nyangking data nu mangrupa catetan, transkrip, buku, koran, prasasti jeung nu lianna (Arikunto, 2014 kc. 274). Lian ti éta ogé, téhnik ieu digunakeun pikeun jadi bukti yén panalungtikan ieu bener dilaksanakeun.

3.4.4 Studi Pustaka

Pikeun leuwih teleb, panalungtik nambahan deui téhnik studi pustaka. Ieu téhnik digunakeun pikeun nyusun téori atawa hal-hal lianna nu patali ogé ngarojong kana panalungtikan.

3.4.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké dina ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti bisa leuwih taliti, lengkep, ogé sistematis nu ngajadikeun data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2014, kc. 203).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Alat rékam anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan asal-usul ngaran wewengkon di wilayah Cariu.
- 2) Kaméra pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan.
- 3) Kartu data pikeun idénitas narasumber.

Tabél 3. 4

Kartu data informan

Kartu Data Informan		
Wasta		(Foto)
Wanda baga		
Umur		
Padumukan		
Kalungguhan		
Pakasaban		
Atikan		
Tanggal Wawancara		
Tempat Wawancara		

Lian ti éta, disusun daftar patalékan nu ditanyakeun dina prak-prakan wawancara. Patalékanna disusun sangkan nyoko kana udagan nu dipakahayang ku panalungtik. Di handap ieu daftar patalékanna.

1. Manawi uninga kumaha sajarah ieu lembur?
2. Naha kénging ti saha ieu carita?
3. Lajeng ti iraha lembur ieu téh dipasih anu ngaran sareng saha nu masihanana téh?
4. Naha aya pangaruhna pamaréntahan harita kana ngaran ieu lembur?
5. Naha aya filosofisna atawa henteu di satukangeun ngaran ieu lembur?
6. Lajeng naha aya carita atawa henteu nu ngarojong kana ngaran ieu lembur?
7. Naha aya dokuméntasi atawa tinulis ngeunaan ngaran ieu lembur?
8. Manawi ngaran ieu lembur téh sami jeung nu séjén? Saupamana aya, naha aya patalina atawa henteu?
9. Lajeng naha aya pangaruh tina aspék géografis atawa budaya kana ngaran ieu lembur?
10. Naha masarakat uninga kana ieu carita? Saupamana henteu kunaon?

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu digunakeun dina ngolah atawa nganalisis data dina ieu panalungtikan leuwih nyoko kana analisis data déskriptif kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 244) analisis data kualitatif nyaéta proses néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu kacangking tina hasil wawancara, obsérvasi, jeung dokuméntasi. Nganalisisna ku cara nyieun klasifikasi data kana katégori, dipérélékeun kana wincikan-wincikan, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih nu penting nu bakal diteleban leuwih jero, jeung nyieun kacindekan sangkan gampang dipikapaham boh ku sorangan atawa ku nu lian.

Dina prakna, data ngaran-ngaran wewengkon disusun sacara sistematis dumasar kana katégori pola ngaran jeung aspék toponimi sarta dianalisis dumasar kana *wisdom* jeung *expectation*, tuluy data nu kapaluruh dicindekkeun. Sedengkeun data asal-usul ngaran wewengkon didéskripsikeun dina wangun narasi.